

national**grid**

Nou la pou ede w avanse ak konfyans.

Si ou bezwen plis sipò,
nou gen Pwogram Asistans
pou Pèman ak konsèy.



Eskane kòd QR a ak
kamera telefòn ou pou
w ka gade bwochi sa a nan
plizyè lang —
ngrid.com/grants

Nou konprann li pa toujou fasil pou w jere bòdwo enèji ou yo, sitou nan moman an. Si ou bezwen plis èd, nou genyen Pwogram Asistans Pèman ki kapab ede w—menm si ou pa t janm kalifye avan sa. Konseye Konsomatè Nou yo disponib tou pou bay sipò ak konsèy.

Nou la pou nou ede w.

Pwogram Asistans Enèji pou Kay ki Gen Revni Ba [Low Income Home Energy Assistance Program (LIHEAP)]

Pwogram sa a, gouvènman federal la finanse a, ede fanmi ki kalifye selon revni yo peye bòdwo sèvis piblik yo. Kalifikasyon an baze sou kantite moun ki gen nan kay la ak revni anyèl fanmi an. Pou aplike, vizite <https://www.toapply.org/MassHEAP> oswa rele liy Heat Line Massachusetts lan gratis nan nimewo **1-800-632-8175**.

To Rabè Kouran pa Nivo pou MA (Massachusetts)

Kliyan ki kalifye selon revni yo ka jwenn yon rabè espesyal ant 32% ak 71% sou bòdwo kouran yo, selon revni ak kantite moun ki gen nan kay la. Pou w elijib, ou dwe resevwa avantaj nan yon pwogram ki kalifye oswa yon sibvansyon nan Pwogram Asistans Enèji pou Kay ki Gen Revni Ba (LIHEAP).

Pou enskri nan To Rabè pa Nivo a:

- Aplike sou entènèt nan ngrid.com/discountreapp pou jwenn yon rabè 32% (Nivo 1) oswa Rele **1-800-322-3223** pou pale ak yon reprezantan sèvis kliyantèl sou yon rabè 32% (Nivo 1)
- Pou wè si ou kalifye pou yon rabè pi gwo (Nivo 2–5), aplike pou yon sibvansyon LIHEAP nan toapply.org/MassHEAP oswa jwenn ajans Pwogram asistans kliyantèl (CAP) lokal ou a nan masscap.org. Ajans CAP la ap verifiye si ou kalifye epi l ap pataje to rabè ou a ak National Grid otomatikman. Tanpri mache ak bòdwo fakti National Grid ou a.
- Pou w aprann plis vizite ngrid.com/discountreapp

To Rabè pa Nivo pou MA (Massachusetts)

Nivo	Rabè
1	32%
2	43%
3	57%
4	64%
5	71%

To Rabè Gaz pou MA (Massachusetts)

Resevwa yon rabè 25% sou bòdwo gaz natirèl ou si ou enskri nan yon pwogram avantaj ki kalifye oswa ou resevwa yon sibvansyon nan Pwogram Asistans Enèji pou Kay ki Gen Revni Ba (LIHEAP):

- Pou w aplike, vizite ngrid.com/discountreapp oswa rele **1-800-233-5325**.

Plan Bidjè a

Kliyan ki peye bòdwo enèji yo alè ka enskri pou pataje depans enèji anyèl yo an 12 pèman regilye yo prevwa pèman chak mwa, ki elimine gwo chanjman nan bòdwo chak mwa.

- Pou w enskri vizite ngrid.com/billhelp oswa rele **1-800-322-3223** (kouran) oswa **1-800-233-5325** (gaz).

*Pwogram Jesyon Dèt (Arrears Management Program - AMP)

AMP, yo te konnen sou non Forgiveness Program, disponib pou kliyan ki gen to rabè selon revni yo epi ki gen yon balans dèt pou pi piti \$300 ki depase 60 jou dat limit pèman an.

Ou dwe enskri nan yon plan bidjè, epi si ou fè pèman ou yoalè, yon pati nan balans dèt ki an reta a ap anile (jiska yon maksimòm \$12,000 pa ane).

- Pou w enskri, vizite ngrid.com/moretime oswa rele **1-866-580-7617**.

Akò Pèman

Pèmèt kliyan ki gen yon balans dèt an reta enskri nan yon plan pèman chak mwa ki fasil pou jere avèk yon pèman davans.

- Pou w enskri, vizite **ngrid.com/moretime** oswa rele **1-888-211-1313**.

Pwoteksyon Espesyal

Pou kliyan ki ka bezwen plis èd, tankoufanmi ki gen granmoun aje, tibebe, ak moun ki itilize ekipman pou sove lavi oswa ki gen yon kondisyon medikal ki grav.

- Vizite **ngrid.com/ma-specialprotections** oswa rele **1-888-211-1313**.



Residential Assistance to Families in Transition (RAFT)

Bay asistans finansye kout tèms pou fanmi ki kalifye selon revni yo, ki riske pa gen kay epi ki an reta nan pèman lwaye, ipotèk, oswa bòdwo sèvis piblik yo. RAFT ede tou fanmi ki oblije deplase men ki pa gen ase lajan pou peye depo sekirite, frè koneksyon sèvis piblik, oswa premye ak dènye mwa lwaye a.

- Pou w aprann plis vizite: **<https://www.mass.gov/how-to/apply-for-raft-emergency-help-for-housing-costs>**

Massachusetts Good Neighbor Energy Fund

Disponib pou nenpòt rezidan Massachusetts ki, akòz difikilte finansye tanporè, pa kapab peye bòdwo enèji pou yon mwa epi ki pa kalifye pou asistans enèji leta oswa federal. Revni fanmi an dwe tonbe ant 60 ak 80 pousan nan nivo revni mwayèn eta a.

- Pou plis enfòmasyon, vizite: **www.magoodneighbor.org/** oswa rele **1-800-334-3047** (kòd zòn sèvis yo disponib yo 508, 617, 781, ak 978) oswa **1-800-262-1320** (kòd zòn sèvis yo disponib yo 413).

Konseje Konsomatè nou yo kapab ede w

Pale avèk yon Konseje Konsomatè National Grid pou w jwenn enfòmasyon sou resous pou w jere bòdwo enèji ou yo.

- Vizite **ngrid.com/consumeradvocates** oswa rele **1-800-322-3223** (kouran) oswa **1-800-233-5325** (gaz).



Pou plis enfòmasyon sou tout pwogram ak sèvis asistans pou bòdwo nou yo, vizite ngrid.com/hereforyou oswa eskane kòd QR a ak kamera telefòn ou.

Kontak enpòtan

Sèvis Kliyantèl

ngrid.com/hereforyou

Kouran: 1-800-322-3223

Gaz 1-800-233-5325

Ijans ki lye ak Gaz

911 oswa 1-800-233-5325

Vizite My Account (Kont Mwen)

Gade epi peye bòdwo w, fè chanjman sou kont ou prefere a ak plis bagay toujou!

[ngrid.com/
myaccount](http://ngrid.com/myaccount)

Opsyon Bòdwo ak Pèman

Èske sa enterese w pou w fè sa san okenn dokimantasyon sou papyè? Aprann plis sou opsyon pèman yo.

ngrid.com/libillpay
1-800-322-3223

Konprann Bòdwo Ou yo

Aprann plis sou sa ki genyen nan bòdwo w la.

ngrid.com/maaboutbill
1-800-322-3223

Pàn Kouran

Siyale National Grid yon pan kouran.

[ngrid.com/
reportoutage](http://ngrid.com/reportoutage)
1-800-465-1212

Konsèy pou w Ekonomize Enèji

Konsèy ak astis pou ede w ekonomize enèji.

[ngrid.com/
masavingstips](http://ngrid.com/masavingstips)

Pwogram Efikasite Enèjetik

Aprann kijan pou w rann kouran lakay ou a pi efikas epi fè ekonomi enèji!

ngrid.com/saveenergy

Tarif

Konsilte tarif aktyèl yo.

[nationalgridus.com/MA-Home/
bills-meters-and-rates/](http://nationalgridus.com/MA-Home/bills-meters-and-rates/)

Opsyon pou Founisè Enèji

Konprann opsyon founisè w yo.

[nationalgridus.com/
MA-Home/Energy-Choice/
Choosing-Your-Supplier](http://nationalgridus.com/MA-Home/Energy-Choice/Choosing-Your-Supplier)

170 Data Drive
Waltham, MA 02451

nationalgrid